



Department of
Education

**ÈLÈV KI GEN ANDIKAP
K AP MANDE SOU LEKÒL SEGONDÈ :
KESYON MOUN POZE SOUVAN
FREQUENTLY ASKED QUESTIONS (FAQ)
2008-09**

Entwodiksyon

Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) fèk amelyore pwosesis admisyon nan lekòl segondè pou matche elèv yo pi byen ak pwogram yo chwazi yo. Elèv ki gen andikap yo patisipe nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè menm jan ak elèv ki pa gen andikap yo. Sa valab pou tout elèv ki gen yon Plan Edikasyon Endividyèl *Individualized Education Program* (IEP) ki rekòmande pou yo patisipe nan pwogram nan yon anviwònman lekòl regilye. Elèv yo rekòmande pou ale nan yon lekòl segondè nan yon pwogram espesyalize Distri 75, oswa nan yon pwogram lekòl prive ke Leta Nouyòk apwouve ki sèvi elèv ki gen andikap yo mete nan lekòl pamwayen yon pwosesis diferan.

Biwo pou Enskripsyon Elèv *Office of Student Enrollment* (OSE) mete sou pye plizyè bwochi ki ede fanmi ak elèv oryante yo nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè a. Pami gid sa yo genyen kalandriye ak enfòmasyon sou diferan metòd pou chwazi. Pami materyèl yo genyen :

- Anyè lekòl segondè leta nan vil Nouyòk : Yo pibliye anyè a chak mwa jen pou distribye ba elèv klas 7yèm ane k ap aplike pou admisyon nan yon lekòl segondè leta nan vil Nouyòk pandan yo nan klas 8yèm ane. Anyè sa a gen ladan l enfòmasyon sou tout lekòl ak pwogram elèv yo ka aplike.
- Lè w ap chwazi : Yo distribye ti liv sa a ansanm ak anyè a kòm yon manyèl ki pou ede w konprann Anyè lekòl segondè a.
- Lè w ap chwazi yon lekòl segondè : Yo fè gid sa a pou elèv ak paran lekòl presegondè kòm yon prezantasyon lekòl segondè nan pwosesis admisyon pou lekòl segondè a.

Bwochi sa yo disponib sou sit wèb DOE a nan:

www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/High/Publications/default.htm

Metsousa, OSE òganize sesyon enfòmasyon sou admisyon nan lekòl segondè pou paran elèv lekòl presegondè e pandan prentan e pandan otòn. Tanpri mande konseye pedagogik pitit ou a pou l ba w yon orè sesyon enfòmasyon yo.

Elèv ki gen andikap yo ki gen menm kritè elijiblite ak elèv ki pa gen andikap yo, ka aplike nan **tout** lekòl ak/oswa pwogram ki nan Anyè lekòl segondè vil Nouyòk la. Elèv ki gen andikap gen dwa pran Egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize yo *Specialized High Schools Admissions Test* (SHSAT) epi yo ka aplike pou tout pwogram odisyon yo, tankou *Fiorello H. LaGuardia High School of Music & Art and Performing Arts*, ki se yon lekòl segondè espesyalize.

Pou ede paran elèv ki gen andikap yo ak pwosesis admisyon nan lekòl segondè a, nou kolekte yon lis FAQ ak repons. Dokiman sa a fè pou konplete resous OSE ofri yo.

Q. Antan paran, ki lè mwen dwe kòmanse pale osijè lekòl segondè nan reyinyon IEP yo? Ki kesyon mwen dwe poze?

- A. Oumenm ak pitit ou dwe kòmanse diskite sou objektif pou lekòl segondè ak sèvis edikasyon espesyal pitit ou a bezwen pandan evalyasyon yo fè chak ane yo tout tan li pase nan lekòl presegondè, depi li nan klas 6yèm ane. Metsousa, nòt, pwèn pitit ou fè nan egzamen, ak dosye prezans li gen nan klas 7yèm ane ap parèt nan aplikasyon li, kidonk oumenm ak pitit ou a dwe toujou sonje sa depi li kòmanse klas 7yèm ane.

Depi laj 15 zan oswa anvan (si se ka a), IEP pitit ou a dwe gen objektif apwopriye pou lè l fini etid segondè. Nan moman sa a ou dwe konsidere tou epi diskite ak pèsonèl lekòl la tip diplòm pitit ou a ka pran. IEP egzije pou yo presize yon diplòm kòm objektif nan paj tranzisyon an pou tout elèv nan nivo segondè. Li enpòtan pou kòmanse panse sou tout faktè sa yo pandan lekòl presegondè.

Tanpri sonje ke elèv ki gen andikap yo dwe satisfè kritè Leta Nouyòk etabli pou yo pran yon diplòm (tanpri gade kesyon ki gen pou wè ak kondisyon pou pran diplòm nan paj 8).

Q. Nan ki sans sèvis Edikasyon espesyal nan lekòl segondè diferan ak sèvis Edikasyon espesyal nan lekòl presegondè?

- A. Si yo enstwi pitit ou a ap nan yon klas kote yon ekip pwofesè ap kolabore pou anseye *Collaborative Team Teaching* (CTT), oswa nan yon klas espesyal pou yon matyè debaz oswa plis, klas la ka gen elèv diferan pou chak matyè debaz. Tout elèv k ap swiv kou CTT oswa kou espesyal pa oblije swiv kou ansanm chak peryòd nan jounen an. Metsousa, kou espesyal nan lekòl segondè gen tipikman 15 elèv ak 1 pwofesè (sa vle di pou chak 15 elèv gen yon pwofesè).

Yo ka ofri pitit ou a tou yon seri diferan modèl sèvis pou diferan matyè debaz oswa yo ka fè pitit ou a swiv kou nan klas regilye a pou diferan matyè debaz lè l posib. Nenpòt seri diferan modèl sèvis ka apwopriye pou diferan matyè debaz. Y ap mete enfòmasyon sa a nan IEP pitit ou a.

Si pitit ou a resevwa lè l nan klas segondè Sèvis pwofesè Edikasyon espesyal k ap bay elèv sipò *Special Education Teacher Support Services* (SETSS) nan yon lòt lokal, y ap mete SETSS nan pwogram li kòm yon peryòd anplis.

Q. Kouman pou mwen asire m ke IEP pitit mwen an ajou ak apwopriye pou lekòl segondè?

- A. Nan reyinyon IEP yo fè nan klas 8yèm ane a, IEP ki ajou a dwe endike pwogram elèv la ap resevwa nan lekòl segondè. Dwe gen yon diskisyon osijè diplòm pitit ou a ap vize pran, osijè andikap ki gen pou wè avèk pwoblèm akademik ak sosyal/sikolojik, ak sèvis edikasyon espesyal ki nesèsè pou kore l nan anviwònman yon lekòl segondè. Konsidere kantite tan pitit ou a ap pase nan kou Edikasyon jeneral ansanm ak lòt kanmarad li yo ki pa gen andikap.

Q. Èske biwo Komite Edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE) jwe yon wòl nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè a?

- A. Biwo CSE pa jwe okenn wòl nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè a.

Q. E si pitit mwen an nan yon pwogram lekòl presegondè nan Distri 75?

- A. Yo kòmanse eksplike opsyon elèv Distri 75 genyen an detay nan paj 9.

Q. Ki kote mwen ka jwenn yon aplikasyon pou lekòl segondè?

A. Konseye pedagogik yo ap bay elèv klas 8yèm ane nan lekòl leta nan vil Nouyòk kalifye yon aplikasyon. Elèv klas 9yèm ane yo dwe mande konseye pedagogik pa yo yon aplikasyon.

Elèv lekòl prive ak pawasyal ki abite nan vil Nouyòk ap bezwen ranpli yon aplikasyon diferan ki disponib nan lekòl prive oswa pawasyal elèv la. Si lekòl elèv la pa gen yon aplikasyon disponib, yon reprezantan lekòl la dwe telefone OSE nan (212) 374-2363 pou mande aplikasyon an.

Elèv ki nan pwogram Distri 75 kounye a, oswa nan lekòl prive Leta apwouve k ap ofri elèv ki gen andikap sèvis, e ki ka pa bezwen ankò nivo sipò sa a nan lekòl segondè ka jwenn yon aplikasyon lekòl segondè nan lekòl yo ye kounye a. Si lekòl elèv la pa gen yon aplikasyon disponib, yon reprezantan lekòl la dwe telefone OSE nan (212) 374-2363 pou mande aplikasyon an.

Q. Ki faktè tout elèv(sa ki gen andikap ak sa ki pa gen andikap) dwe konsidere lè y ap deside ki lekòl pou yo mete sou lis aplikasyon pou lekòl segondè ?

- “Elijiblite” se premye bagay pou konsidere lè w ap deside si pou w mete yon lekòl sou aplikasyon an. Yon elèv elijib si l satisfè kondisyon lekòl la. Yo mete kondisyon elijiblite chak lekòl nan Anyè a sou bò gòch Apèsi yo bay sou lekòl la. Paegzanp, yon lekòl ka di se sèlman elèv ki abite nan *Brooklyn* ki elijib; kidonk si elèv la abite *Queens* li pa dwe aplike.
- Apèsi sou kèk lekòl ka gen enfòmasyon sou “prijorite”. Yo klase elèv yo nan gwoup dapre kritè priyorite yo sataisfè. Lè yo fin chwazi elèv nan premye gwoup priyorite a, y ap ofri elèv nan dezyèm gwoup la pou matche yo ak pwogram lan, si gen plas. Si yon elèv renmen yon pwogram nan yon lekòl, epi li kalifye pou li men **li pa gen priyorite**, li dwe toujou mete lekòl la nan lis li a.
- Oumenm ak pitit ou a dwe konprann metòd pou chwazi lekòl la. Li rekòmande pou w mete pwogram yo ak diferan metòd pou chwazi.
- Ou dwe konsidere tou kantite aplikan parapò ak kantite plas ki disponib. Lis nan Anyè a endike kantite plas ki disponib pou yon pwogram dapre kantite aplikan ki te genyen ane avan an. Byenke enfòmasyon sa a pa presize kantite elèv ki gen andikap ki aplike, li endike kantite demann pou pwogram lan ak pousantaj aplikan ki aplike kek yo bay yon plas nan pwogram lan.
- Enfòmasyon sou sèvis Edikasyon espesyal ki disponib nan lekòl la kounye a. Ou ka jwenn enfòmasyon sa a nan Anyè lekòl segondè a. Sepandan sonje ke lekòl yo mete sou pye nouvo pwogram ak sèvis pou satisfè bezwen elèv yo chak ane.

Q. Ki lòt faktè ou dwe konsidere lè w ap chwazi lekòl segondè?

A. Nou rekòmande pou elèv yo konsidere tou faktè sila yo lè y ap chwazi lekòl:

- Ki kote lekòl la ye? Konbyen tan l ap pran w pou w ale lekòl la ak tounen lakay ou? Èske pitit ou a pare pou l fè trajè a?
- Konbyen elèv ki gen nan lekòl la? Konbyen elèv ki gen andikap nan lekòl la?
- Ki aktivite ki pa nan pwogram akademik lan yo ofri, paegzanp klib, espò?
- Èske yon elèv bezwen pran yon tès oswa fè yon odisyon pou yo admèt li lekòl la?
- Èske m dwe ale nan yon lekòl pwofesyonèl ak teknik *Career and Technical Education* (CTE) l?

- Ki opòtinite ki genyen pou patisipasyon paran?
- Ki sipò akademik disponib pou elèv apre lekòl?
- Ki tip sèvis ki disponib pou moun k ap aprann lang angle *English Language Learners* (ELL)?
- Ki modèl sèvis lekòl la aplike pou l ofri elèv pou kore elèv ki gen andikap?
- Ki rezilta elèv ki gen andikap yo bay? Anjeneral, konbyen ladan yo gradye avèk yon diplòm *Regents*, yon diplòm lokal oswa yon diplòm IEP?

Pou w ka jwenn enfòmasyon detaye sou lekòl yo, ou ka gade Rapò anyèl lekòl la nan: www.nyc.gov/schools/daa/schoolreports. Ou ka vle gade tou Rapò sou prestasyon sèvis Edikasyon espesyal lekòl yo ki disponib sou sit wèb DOE a nan chak paj lekòl nan seksyon “*Statistics*” la.

Q. Ki diferan tip metòd pou chwazi elèv ki genyen?

- A. Anyèl lekòl segondè leta nan vil Nouyòk la eksplike diferan tip metòd yo itilize pou mete elèv nan pwogram yo. Pou chwazi pami elèv ki elijib yo, pwogram yo itilize metòd pou chwazi yo ki dekri pi ba a. Yo matche elèv k ap resevwa sèvis Edikasyon espesyal yo ak yo menm jan ak elèv k ap resevwa sèvis Edikasyon jeneral yo.

Odisyon – Elèv la dwe fè yon odisyon pou demontre talan l nan teyat oswa boza vizyèl. Kondisyon odisyon yo nan Apèsi sou chak lekòl. Answit, lekòl la klase elèv ki fè odisyon yo. Se Sèlman elèv lekòl la klase ki ka rantre nan pwogram lan.

Opsyon edikatif (Ed. Opt.) – Dapre metòd sa a, lekòl la klase mwaye elèv k ap rantre yo, alòke yon konpitè klase lòt mwaye a oaza pami rès gwoup aplikan ki satisfè kondisyon elijiblite a. Yo chwazi toude gwoup yo apati fason yo repati elèv dapre nòt li pran nan egzamen ofisyèl lekti ane anvan an:

- 16 % nan gwoup ki fè pi gwo gwo nòt nan lekti*
- 68 % nan gwoup ki fè mwayòn yo nan lekti
- 16 % nan gwoup ki fè nòt ki pi fèb nan lekti

* Si elèv la fè yon nòt ki klase nan premye 2% nòt ki pi wo yo nan egzamen Lekti klas 7yèm ane a, epi li mete yon pwogram *Ed. Opt.* kòm premye chwa li fè nan aplikasyon an, se garanti l ap jwenn yon plas nan pwogram lan.

Chwa limite – Yo admèt anpremye elèv ki patisipe nan yon sesyon enfòmasyon, nan *open house*, lekòl la ak paran yo. Li nesèsè pou elèv la mete non l nan lis la lè l rive nan aktivite sa yo.

Seleksyon – Chwa yo baze sou dosye akademik, nòt nan egzamen ofisyèl ak prezans. Chak pwogram seleksyon site kritè espesifik yo nan Anyèl lekòl segondè a. Se Sèlman elèv lekòl la klase ki ka rantre nan pwogram seleksyon yo. Yo egzije menm kritè evalyasyon pou tout elèv.

Egzamen – Wit lekòl segondè espesyalize yo egzije pou elèv pran SHSAT, pou yo admèt yo. *Fiorello H. LaGuardia High school* se yon lekòl espesyalize tou, epi admisyon li baze sou rezilta nan yon konpetisyon odisyon ak yon evalyasyon dosye akademik elèv la. Lè w ap aplike nan lekòl sa yo, konseye pedagogik la dwe ba w yon tikè admisyon nan egzamen an. Elèv ki enterese pran egzamen an ak/oswa fè odisyon an dwe kontakte konseye pedagogik yo. Konseye pedagogik la oblije soumèt tout fason pou akomode yon elèv pou egzamen an avan egzamen an.

San evalyasyon – Yo chwazi elèv yo dapre tirajosò pou pwogram sa yo. Piske yon elèv pa ka konnen ki chans li genyen pou yo admèt li (menmsi li satisfè tout kondisyon elijiblite yo), li dwe klase l nan aplikasyon an anba pwogram elèv la plis renmen ak anwo pwogram elèv la mwens renmen.

Lekòl dapre sektè Zoned Schools – Gen kèk kote nan vil la ki gen lekòl ki la pou sèvi elèv ki abite nan zòn lan (yo rele sa “zone”). Pwogram *Zoned schools* yo gen yon lèt “Z” akote yo.

Si elèv la vle ale nan lekòl sektè l la, elèv la dwe mete pwogram ki gen nan *zoned school* li a kòm yonn nan chwa l ap fè yo. Si w vle konnen si elèv la gen yon *zoned school*, mande konseye pedagojik elèv la oswa gade nan aplikasyon lekòl segondè a.

Elèv yo pa oblije aplike pou *zoned school* yo. Men, si yon elèv aplike pou *zoned school* li a, se garanti y ap admèt li sòfsi yo matche l ak yon pwogram li te me li pi pito nan aplikasyon l lan.

Q. Èske mwen ka aplike nan pwogram *zoned school* mwen an?

A. Wi. Tout moun ki enterese ale nan *zoned program* yo dwe mete kòd *zoned program* lan kòm yon chwa nan aplikasyon l lan.

Q. Èske se garanti ke m ap jwenn yon plas nan *zoned program* mwen an?

A. Tout elèv ki abite nan zòn jewografik yon *zoned program* epi ki mete *zoned school* la kòm yonn nan 12 chwa li fè nan aplikasyon an , y ap mete l otomatikman nan pwogram sa a **si** yo pa rive mete l nan yon pwogram li te bay plis priyorite nan aplikasyon l lan.

Q. Èske mwen ka aplike pou yon *zoned program* si m pa abite nan sektè a?

A. Wi. Nou gen yon kantite plas limite nan chak *zoned program* pou elèv ki pa abite nan zòn lan.

Q. Èske mwen dwe chwazi 12 lekòl?

A. Non. Sepandan, plis lekòl ou chwazi, plis chans w ap genyen pou yo mete w nan yonn nan pwogram ou chwazi yo.

Q. Èske mwen ka aplike nan yon lekòl plis pase yon fwa?

A. Non. Sepandan, yon elèv ka aplike nan plis pase yon pwogram nan yon lekòl. Li pa ra pou jwenn yon lekòl segondè ki gen yon pwogram separe oswa plis nan lekòl la. Paegzanp, *Murry Bergtraum High School* ofri wit pwogram diferan tankou kontablite, etid dwa ak vwayaj ak ospitalite, ki tout fè pati lekòl segonde a menmmenm.

Q. Èske yon lekòl ka wè fason yon elèv klase l nan lis li?

A. Non. Lekòl yo ka konnen sèlman ke yon elèv te mete pwogram lan nan aplikasyon li.

Q. Ki wòl konseye pedagojik la nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè a?

A. Konseyye pedagojik la se pi bon sous pou enfòmasyon ak konsèy fanmi an nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè a. Paran yo dwe konnen non ak enfòmasyon sou fason pou kontakte konseye pedagojik pitit yo.

Q. Èske gen enfòmasyon sou andikap yon elèv ki disponib nan lekòl kote elèv la ap aplike yo?

A. Wi. Direktè yo gen aksè pou wè done sou prezans elèv la nan klas 7yèm ane, sou nòt

egzamen ofisyèl Lekti ak Matematik ak sou nòt nan matyè debaz yo. Direktè yo ka wè tou enfòmasyon sou pwogram Edikasyon espesyal ak sèvis yo rekòmande nan IEP elèv la.

Q. Kouman m ka rive konnen ki lekòl ki gen pwogram ak sèvis pitit mwen an bezwen?

- A. Ou ka jwenn enfòmasyon sa a nan men konseye pedagogik ou a, nan Anyè lekòl segondè a, nan fowòm lekòl segondè yo ak nan sesyon enfòmasyon yo fè pou paran yo. Koòdonatè paran, direktè, asistan direktè, *open houses* lekòl yo ak sit wèb DOE a ka bay tou enfòmasyon ki byen itil.

Q. Anyè lekòl segondè vil Nouyòk la endike ke elèv ki gen andikap yo ka aplike nan nenpòt lekòl. Kouman m fè konnen si lekòl ki aksepte pitit mwen an ap ka ofri sipò li bezwen an?

- A. Lekòl yo sipoze mete sou pye sipò edikasyon espesyal yo dwe akomode pou bezwen tout elèv yo matche ak lekòl yo.

Q. Sa k ap pase si lekòl ki aksepte pitit mwen an pa gen tip kou yo rekòmande nan IEP li a?

- A. Si tip modèl prestasyon sèvis la (sa vle di kou espesyal, CTT, elatriye) ki nan IEP pitit ou a pa disponib nan lekòl la, komite IEP a ki gen ladan l yon paran, ap fè yon reyinyon sou 30 jou elèv la rantrè lekòl la pou mete sou pye yon IEP k ap rekòmande yon modèl prestasyon sèvis pou satisfè bezwen edikasyon espesyal pitit ou a nan lekòl sa a.

Tanpri sonje : Alòke lekòl presegondè yo toujou itilize yon modèl prestasyon sèvis pou klas espesyal, modèl prestasyon sèvis sa a ap chanje. Anpil elèv pral chanje kounye modèl prestasyon sèvis yo pou pran yonn ki pi polivalan tankou CTT. Sepandan, si yo rekòmande pitit ou a yon kou espesyal e ke se sèl modèl edikasyon espesyal sa a ou vle pou pitit ou a, alò ou dwe aplike sèlman nan lekòl ki endike nan Anyè a ke yo gen kou espesyal yo.

Q. E si pitit mwen an rive nan nouvo lekòl segondè li dwe ale a, epi li wè ke lekòl la pa ka ofri l ase sipò? Kisa pou m fè nan ka sa a?

- A. Toudabò, ou dwe pale dirèkteman avèk pèsonèl lekòl la osijè sèvis apwopriye k ap satisfè bezwen pitit ou a.

Kòmanse lekòl segondè se premye etap pitit ou a nan tranzisyon l ap fè pou yon vi adilt endepandan. Yon pwogram nan yon Anviwònman ki gen mwens restriksyon *Least Restrictive Environment* (LRE), ki se yon pwogram ki ofri opòtinite pou pitit ou a resevwa sipò Edikasyon espesyal pandan l ap travay ansanm ak lòt elèv ki pa gen andikap, se yon etap enpòtan nan pwogrè pitit ou a ap fè pou l atenn objektif li vize pou lavni l. Ou dwe travay ak lekòl la pou evalye sipò ak opsyon k ap ede pitit ou a reyalize objektif li yo nan lekòl segondè.

Si w toujou gen enkyetid osijè sipò pou pitit ou a, lè w fin pale ak estaf lekòl la, ou dwe kontakte Defansè dwa fanmi nan Distri a *District Family Advocate* (DFA). Si DFA a pa ka rezoud pwoblèm lan, ou dwe telefone 311, epi mande transfere w nan Sant apèl pou edikasyon espesyal *Special Education Call Center*.

Q. Nan IEP pitit mwen an yo mande pou li gen CTT kounye a. Si m panse li pa bezwen l ankò, èske mwen ka aplike nan yon lekòl segondè ki pa gen CTT, san yo pa fè chanjman nan IEP li a?

- A. Wi. Elèv yo rekòmande ki pou resevwa sèvis ki mache ak bezwen yo *Related Services* sèlman oswa SETSS patisipe nan pwosesis admisyon lekòl segondè a menmjan ak elèv ki pa gen andikap yo. Yo ka ofri sèvis ki mache ak bezwen yo *Related Services* ak/oswa

SETSS nan tout lekòl. Si tip modèl prestasyon sèvis nan IEP pitit ou a pa disponib nan lekòl la, komite IEP a ki gen ladan l yon paran, ap fè yon reyinyon sou 30 jou apre elèv la fin rantrè lekòl pou mete sou pye yon IEP k ap satisfè bezwen edikasyon espesyal pitit ou a nan lekòl sa a.

Q. Ki diferan tip diplòm ki genyen?

A. Yo dwe bay elèv ki gen andikap yo opòtinite pou yo pran yon diplòm. Nou dekri pi ba a tip diplòm ak kondisyon po elèv pran yo :

Tip diplòm	Kondisyon	Opsyon apre lekòl segondè
<i>Advanced Regents</i>	Akimile yon minimòm 44 kredi lekòl segondè; Pase 8 egzamen <i>Regents</i> ak nòt 65% oswa plis.	Pwogram kolèj oswa inivèsite ki dire 4 ane , sèvis pou ede jwenn travay dapre ladrès yo deja genyen, sèvis militè.
<i>Regents</i>	Akimile yon minimòm 44 kredi lekòl segondè; Pase 5 egzamen <i>Regents</i> ak not 65% oswa plis.	Pwogram kolèj oswa inivèsite ki dire 4 ane , konpetisyon nan anplwa, sèvis militè
Lokal	Akimile yon minimòm 44 kredi lekòl segondè; Elèv ki gen andikap yo ka pran yon diplòm lokal si yo pase 5 egzamen <i>Regents</i> oswa egzamen apwopriye pou detèmine konpetans pou pran egzamen <i>Regents</i> . Elèv yo dwe eseye pran yon egzamen <i>Regents</i> avan oswa apre yo pran yon egzamen pou detèmine konpetans yo pou pran egzamen <i>Regents</i> . Mwayen sa a ki fèt pou garanti elèv pran diplòm sa a ap anplas pou elèv k ap rantrè nan lekòl segondè jiska Septanm 2009.	Pwogram kolèj oswa inivèsite ki dire 4 ane , sèvis pou ede jwenn travay dapre ladrès yo deja genyen, sèvis militè
IEP	Reyalize objektif akademik yo presize nan IEP a; se komite IEP a ki tabli objektif akademik sa yo, epi yo dwe adapte yo ak nòm aprantisaj e ak endikatè pèfòmans apwopriye.	Sipò pou travay oswa sèvis pou ede jwenn travay dapre ladrès yo genyen. Yo pa aksepte yon diplòm IEP pou kèk tip anplwa, kolèj oswa sèvis militè.

IEP yo mete anplas la dwe ofri sipò ak sèvis edikasyon espesyal pitit ou a bezwen pou l atenn objektif pou l pran diplòm yo presize nan IEP a.

Li enpòtan tou pou w sonje ke patisipasyon pitit ou a nan pwogram etid Edikasyon jeneral la ak patisipasyon li nan egzamen leta yo gen gen enpak sou objektif pitit ou a vize pou l pran diplòm li. Si pitit ou a ap patisipe nan evalyasyon altène Leta yo, li pa p kalifye pou yon diplòm lokal oswa pou yon diplòm *Regents*, men li ka resevwa yon diplòm IEP.

Q. Pitit mwen an nan CTT oswa nan yon pwogram klas espesyal nan yon lekòl regilye, epi IEP li a egzije pou l patisipe nan evalyasyon altène. Kouman m fè konnen ki lekòl ki gen CTT oswa klas espesyal ki apwopriye pou elèv ki nan menm kategori ak pitit mwen an?

A. Avan w soumèt aplikasyon pitit ou a pou lekòl segondè, ou dwe pale ak konseye pedagojik pitit ou a k ap ba w enfòmasyon sa a, epi k ap ede w aplike nan lekòl apwopriye yo.

Q. Kisa yon Plan tranzisyon ye?

A. Yo dwe endike sèvis tranzisyon yo depi nan premye IEP pitit ou a ki aplikab nan dat ki fè timoun lan 15 zan (oswa pi bonè si komite IEP a panse li nesèsè). Sèvis tranzisyon yo rekòmande depasman apati lekòl la pou ale nan aktivite apre lekòl, tankou edikasyon siperyè, trening pwofesyonèl, anplwa pou moun ki gen andikap sipò regilyèman pou l travay), edikasyon pou granmoun ki vle kontinye fòme tèt yo, sèvis pou granmoun, fason pou gen yon vi endepandan oswa patisipasyon nan kominote. Sèvis tranzisyon yo gen ladan yo sèvis ki mache ak bezwen yon moun ki gen andikap *related services*, eksperyans kominotè, mizanplas anplwa ak lòt objektif pou lavi granmoun apre lekòl, epi lè l apwopriye, pou granmou lan aprann ladrès pou lavi li chak jou.

Q. Ki kote lekòl segondè yo ka jwenn sipò pou elèv ki gen andikap?

- A. Chak lekòl chwazi yon òganizasyon pou sipòte lekòl ki genyen estaf ki pou ede lekòl yo devlope pwogram ak ofri estrateji edikatif pou elèv ki gen andikap. Metsousa, Sant sèvis entegre *Integrated Service Centers* (ISC) ak Biwo santral inisyativ pou Edikasyon espesyal *Office of Special Education Initiatives* sipòte lekòl yo onivo pwoblèm ki gen pou wè ak Edikasyon espesyal.

Q. Sa pou m fè si pitit mwen an bezwen yon lekòl segondè ki gen aksè fasil (ki pa gen okenn difikilte pou moun ki gen andikap frekante) pou tout moun?

- A. Yon lokal ki gen aksè pou moun ki gen andikap dapre lalwa se yon kote ki pa gen yon seri obstak nan konstriksyon an oswa yon lokal yo wete obstak nan konstriksyon an pou pèmèt elèv ki gen difikilte pou deplase, jwenn aksè nan pwogram ak aktivite yo. Toude tip lokal yo egziste, e lokal yo adapte ak fonksyon pou moun ki gen andikap e lokal ki gen aksè limite pou moun ki gen andikap. Ou ka jwenn yon lis lokal ki respekte tout kondisyon pou aksè dapre Lalwa ameriken pou bay moun andikap aksè nan sit wèb DOE a nan:

<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/41ACD8D4-DDD2-4F1A-AEF0-AF3A9D132EBB/0/ListofAccessibleSchools2007.pdf>

Si yo matche yon elèv kalifye ki gen andikap ak yon pwogram ki pa nan yon lokal ki gen aksè Lalwa rekòmande pou bay moun andikape, DOE ap pran mezi nesese pou fè pwogram lan aksesib.

Q. E si pitit mwen an nan yon pwogram lekòl presegondè nan Distri 75?

- A. Elèv ki nan pwogram Distri 75 ki toujou bezwen yon pwogram Distri 75 pa patisipe nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè a. Lekol Distri 75 yo ye a ap fè yo konnen lekòl segondè yo plase yo nan mwa Me oswa Jen. Elèv Distri 75 ki nan pwogram *inclusion* (pwogram kote elèv andikape k ap resevwa sèvis Edikasyon espesyal resevwa ansèyman ansanm avèk elèv ki pa gen andikap), ki rete nan pwogram *inclusion* Distri 75 ap patisipe nan yon pwosesis aplikasyon Distri 75 ap fè pou pwogram *inclusion* lekòl segondè. Se lekòl Distri 75 ou ye a k ap ba w aplikasyon an, epi delè pou soumèt li se an Desanm. Y ap avèti w konsènan plasman pitit ou a odebi Prentan.

Gen elèv ki nan lekòl presegondè Distri 75 k ap prepare yo pou tranzisyon nan yon lekòl segondè kominotè. Elèv sa yo dwe patisipe nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè a. Sepandan, anvan yo mete elèv sa yo nan yon lekòl segondè kominotè, y ap bezwen fè yon reyinyon IEP pou mete sou pye yon nouvo IEP k ap rekòmande sèvis Edikasyon espesyal nan yon lekòl segondè kominotè. Li enpòtan pou w pale avèk sikològ lekòl la, pwofesè pitit ou a ak tout komite IEP a pou diskite si yon pwogram lekòl kominotè apwopriye pou pitit ou a.

Q. Si pitit mwen an nan Distri 75, epi mwen pa sèten si l ap kontinye bezwen yon pwogram Distri 75 pou lekòl segondè, èske pitit mwen an dwe aplike pou yon lekòl kominotè atravè pwosesis regilye pou Admisyon nan lekòl segondè a? Sa pou m fè osijè IEP li a? Kiyès ki deside si l ap oswa li pa p kite Distri 75?

- A. Wi, elèv la ka patisipe nan pwosesis admisyon nan lekòl segondè a. Y ap matche elèv la ak yon lekòl segondè ki pa yon lekòl Distri 75 atravè pwosesis regilye admisyon nan lekòl segondè a.

Sepandan, komite IEP a dwe evalye pitit ou a yon lòt fwa avan l fini Klas 8yèm ane a pou detèmine sèvis edikasyon espesyal apwopriye pou pitit ou a. Komite IEP a ka rekòmande

pou pitit ou a rete nan yon pwogram Distri 75. Nan ka sa a, òf yo te fè w pou lekòl segondè ki pa nan Distri 75 lan anile otomatikman.

Q. Ki pwosesis ki genyen pou elèv ki nan lekòl prive ke Leta Nouyòk apwouve pou ofri elèv ki gen andikap sèvis?

- A. Yo pou elèv ki nan lekòl prive ke Leta Nouyòk apwouve pou ofri elèv ki gen andikap sèvis, evalyasyon anyèl chak prentan pou detèmine plasman ki apwopriye pou ane k ap vini a. Si elèv la nan Klas 8yèm ane, epi lekòl la gen yon pwogram lekòl segondè, Komite edikasyon espesyal *Committee on Special education* (CSE) a ka rekòmande pou l kontinye nan lekòl sa a.

Si lekòl li ye kounye a pa gen yon pwogram lekòl segondè e ke yo detèmine nan reyinyon IEP a yo pa ka bay elèv la sèvis edikasyon espesyal li bezwen yo nan yon pwogram lekòl leta, y ap voye ka a devan Komite pou sipò ki baze nan Biwo santral la *Central Based Support Team* (CBST). Komite sa a ap detèmine yon pwogram lekòl segondè ki apwopriye pou elèv la.

Si yo detèmine ke elèv la pare pou tranzisyon nan yon anviwònman ki gen mwens resrtriksyon nan yon lekòl leta, y ap konseye elèv la pou l ranpli yon aplikasyon atravè pwosesis admisyon regilye a.

Q. E si pitit mwen an nan yon lekòl prive ke Leta apwouve pou ofri elèv ki gen andikap sèvis, men mwen ta renmen pitit mwen an ale nan yon lekòl segondè leta?

- A. Ou dwe diskite pwoblèm sa a pandan evalyasyon anyèl pitit ou a. Si yo detèmine ke yo ka satisfè bezwen pitit ou a nan yon lekòl segondè leta, yo dwe mete sou pye yon IEP kote yo rekòmande sa a, epi pitit ou a dwe aplike pou lekòl segondè atravè pwosesis regilye admisyon nan lekòl segondè a.

ENFÒMASYON SOU BIWO POU PARAN KONTAKTE

Pou plis enfòmasyon sou pwosesis admisyon nan lekòl segondè
Tanpri kontakte New York City Department of Education
Office of Student Enrollment

Telefòn : (212) 374-2363 Faks : (212) 374-5568

<http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/NewStudents/Borough+Enrollment+Offices.htm>

Ou ka vizite nenpòt nan biwo pou enskripsyon sa yo

Minisipalite	Distri yo sèvi	Adrès
<i>Bronx</i>	7, 9, 10	1 Fordham Plaza, 7th Floor, Bronx, NY 10458
<i>Bronx</i>	8, 11, 12	1230 Zerega Avenue, Bronx, NY 10462
<i>Brooklyn</i>	17, 18, 22	1780 Ocean Avenue, Brooklyn, NY 11230
<i>Brooklyn</i>	20, 21	415 89th Street, Brooklyn, NY 11209
<i>Brooklyn</i>	13, 14, 15, 16	29 Fort Greene Place, Brooklyn, NY 11217
<i>Brooklyn</i>	19, 23, 32	1665 St. Mark's Avenue, Brooklyn, NY 11233
<i>Manhattan</i>	1, 2, 4	333 Seventh Avenue, 12th Floor, New York, NY 10001
<i>Manhattan</i>	3, 5, 6	388 West 125th Street, 7th Floor, New York, NY 10027
<i>Queens</i>	24, 30	28-11 Queens Plaza North, Long Island City, NY 11101
<i>Queens</i>	25, 26	30-48 Linden Place, Flushing, NY 11354
<i>Queens</i>	27	82-01 Rockaway Boulevard, Ozone Park, NY 11416
<i>Queens</i>	28, 29	90-27 Sutphin Boulevard, Jamaica, NY 11435
<i>Staten Island</i>	31	715 Ocean Terrace, Building A, Staten Island, NY 10301

Joel I. Klein, Chanselye

www.nyc.gov/schools oswa telefòn nan 311